



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 05/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN TRANSFÒMASYONÈL POU REPANSE PON AK TINÈL NEW YORK YO POU 21<sup>yèm</sup> SYÈK LAN**

***Pou Redwi Anbouteyaj, 7 Pon ak 2 Tinèl MTA nan Rejyon Metwolopilitèn lan Pral Adopte Baraj Gichè Enpo Otomatik oswa nan “Wout Ouvri”, pou Ogmante Sikilasyon Trafik pou dè Milyon Vwayajè – Sa Ki Pral Elimine Baraj Gichè MTA yo***

***Pou Kapab Konbat Menas Sekirite K’ap Emèje yo, Ogmantasyon nan Pèsonèl Sekirite yo Pral Rantre An Vigè nan Tout Kwazman Wout yo, Plis Enstalasyon Dènye Kamera ak Detektè Modèn yo Pou Detekte Moun k’ap Sove pou Gichè Enpo yo, Moun ki an Kaval yo oswa ki Sispèk yo***

***Pou Solidifye Kwazman Wout yo, Yo Pral Enstale Baryè Inondasyon 500 An yo Nan Toulède Tinèl yo Plis Kapasite Ponpaj Ki Ogmante; Pon yo Ki Date de Yon Mwatye Syèk Pral Sibi Ajisteman Sismik Konplè***

***Pou Pwomouvwa Konsèvasyon Enèji ak Èv Atistik Piblik, Gouvènè Cuomo Devwale Plan Ekleraj LED ak Iliminasyon Kowòdone pou Kwazman Wout New York yo – Kontrandi yo [Isit la](#) epi Video yo [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a plan transfòmasyonèl pou repanse kwazman wout New York yo pou 21<sup>yèm</sup> syèk lan. Plan an pral etabli baraj gichè enpo otomatik modèn yo sou tout pon ak nan tinèl MTA yo – sa ki pral redwi anbouteyaj trafik lan epi diminye emisyon gaz yo pou kapab amelyore eksperyans jeneral vwayaj la pou dè milyon abitan ak vizitè nan Eta New York yo. Sou òdonans Gouvènè an, leta pral deplwaye tou dènye teknoloji modèn yo ak pèsonèl sekirite nan kwazman wout ki gen wo pwofil yo nan New York, pou entansifye sekirite piblik lan epi fòtifye jefò kont laterè yo.

Kòm yon pati nan Pwojè Kwazman Wout New York yo, Gouvènè an te anonse tou ke leta pral konstwi nouvo baryè tinèl yo pou kapab kontwole inondasyon majè yo epi aplike mezi sismik yo sou pon yo, sa ki pral bay pwoteksyon alontèm kont tranbleman tè ak lòt fòs natirèl yo. Pwojè transfòmasyonèl lan gen ladan tou ajou ekleraj LED efikas ki pa konsome anpil enèji. An plis, MTA pral rejwenn vil yo nan mond lan nan bay yon atansyon ki renouvle sou èv atistik piblik yo pou kapab asire ke pwojè enfrastrikti nou yo reflekte grandè Empire State. Anba plan Gouvènè an, New York pral rekonsevwa tinèl sant komèsyal yo ak dènye vwal modèn yo ki ekipe ak posibilite LED, ak estrikti bilbòd k’ap sipòte nouvo ekipman gichè elektwonik yo ki pral genyen konsepsyon “vag” atistik yo ki pral varye an tay ak anplè.

“Nan envesti nan rezo transpò New York lan jodi a epi ekipe li pou li kapab reponn a defi fiti yo, nou ap simante pozisyon eta nou an antan ke yon lidè nasyonal nan

enfrastrikti 21yèm syèk lan ak dènye inovasyon modèn yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Soti depi nan akselere vwayaj yo epi redwi emisyon gaz yo sou otowout kle yo gras a baraj gichè enpo otomatik yo, pou rive nan ranfòse rezistans pon ak tinèl yo epi ogmante sekirite nan pwen kontwòl kle yo, pwojè transfòmasyonèl sa pral revolisyone transpò a nan New York epi asire ke eta nou an li konstwi pou mennen pou jenerasyon k’ap vini yo.”

**Gade prezantasyon Gouvènè an ki devwale plan an [isit la](#) epi video an [isit la](#).**

Pwojè Kwazman Wout New York yo (New York Crossings Project) anglobe tout sèt (7) pon ak de (2) tinèl yo ke MTA administre yo ki gen ladan yo Pon Henry Hudson, Pon Whitestone, Pon Throgs Neck, Pon RFK Triborough, Tinèl Queens Midtown, Tinèl Hugh L. Carey Brooklyn Battery, Pon Verrazano-Narrows, Pon Marine Parkway-Gil Hodges Memorial, ak Pon Cross Bay Veterans Memorial. Plan ekleraj kowòdone a pral gen ladan Pon George Washington ki opere pa Otorite Pò New York ak New Jersey yo. Yo pral repati finansman pou amelyorasyon transfòmasyonèl sa yo kòm yon pati nan \$27 milya dola plan kapital MTA a.

### **Dènye Baraj Gichè Enpo Otomatik Modèn Yo**

Wout New York yo se kèk nan wout ki pi anbouteye nan nasyon an, ak vwayaj nan Long Island, White Plains, ak Rejyon Nò ak Rejyon Sid New Jersey ki dire an mwayèn de (2) èdtan ou plis. An mwayèn, gen 800,000 veyikil ki travèse pon ak tinèl MTA yo chak jou, epi an total, chofè New York yo pase plis pase 6,400 èdtan pa jou nan rete tann pou peye gichè enpo yo.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo an, Eta New York ak fè investisman rekò nan ogmante kapasite transpò piblik rejyonal yo. Pou redwi pi plis anbouteyaj trafik yo, leta ap enstale baraj gichè enpo otomatik yo, oswa “baraj gichè wout ouvri yo.” Nouvo baraj gichè enpo otomatik sa yo pral amelyore sikilasyon trafik lan yon fason konsiderab, redwi anbouteyaj, epi diminye tan vwayaj yo pou fè li vin pi fasil pou Nouyòkè yo ka rann yo kote ke yo bezwen ale. Detektè ak kamera yo pral pann sou otowout yo nan estrikti ke yo rele “bilbòd yo”, epi veyikil yo p’ap gen nesosite pou kanpe. Veyikil yo ki gen E-ZPass pral faktire otomatikman, epi Veyikil yo ki pa gen E-ZPass yo pral gen plak lisans yo ki anrejistre, epi yo pral voye yon fakti bay pwopriyetè ki anrejistre pou veyikil lan.

Yo prevwa ke baraj gichè enpo otomatik yo pral pèmèt vwayajè yo ekonomize jiska 21 èdtan nan tan kondwi chak ane. An plis, baraj gichè enpo otomatik yo redwi emisyon gaz yo epi diminye yon fason konsiderab kantite kabiran ke chofè yo itilize, ki pa pral gen pou kanpe ankò epi kòmanse tann pou peye gichè enpo yo. Sa pral konsève anviwon yon milyon galon kabiran epi ekonomize \$2.3 milyon dola chak ane. Baraj gichè enpo otomatik yo pral kòmanse an Janvye nan pon ke yo chwazi yo, epi fin konplete nan fen ane a nan tout pon ke MTA administre yo.

### **Sekirite Ki Entansifye Nan Kwazman Wout New York yo**

New York se yon sib menas sekirite k’ap ogmante. An rekonesans a menas sa, Pwojè Kwazman Wout New York yo pral entegre teknoloji ijans yo nan konsepsyon sekirite pon ak tinèl yo atravè eta a, epi deplwaye pèsònèl ak ekipman adisyonèl. Nan chak kwazman wout, ansanm ak nan pwen sansib yo sou pon ak tinèl yo sou plan estriktirèl, yo pral enstale kamera ak detektè ki avanse pou li plak lisans yo epi teste pwogram ak ekipman rekonesans fasyal yo k’ap emèje yo. Teknoloji sa yo pral aplike atravè

ayewopò ak santral transpò yo – ki enkli Batiman Konplèks Penn-Farley a – pou devlope finalman yon plan sistèm elaji.

Ekip anti teworis yo pral konbine ak fòs de lòd trafik yo nan kwazman wout yo, epi yo pral devlope nouvo pwotokòl operasyon atravè ajans yo. Gen anviwon 525 ofisye TBTA (Triborough Bridge and Tunnel Authority) ki pral bay sekirite ak jesyon trafik nan pon ak tinèl yo, epi yo pral kolabore ak Lapolis Eta a pou ranfòsman gichè enpo yo; 150 manm nan Twoup Lapolis Eta NYC an pral atribiye nan kwazman wout yo pou jere aktivite sekirite epi ki kont laterè yo; epi 150 Gad Nasyonal pral ranfòse ofisye twoup yo nan inisyativ aktivite sekirite epi ki kont laterè yo. Yo pral pozisyone kamyon barikad espesyal yo nan toulède ekstremite nan chak kwazman wout yo pou sèvi kòm veyikil entèsepsyon ak baryè mobil nan ka ijans.

## **Rezistans Kont Inondasyon**

Anvan sa, tinèl New York yo te konstwi pou pwoteje kont yon inondasyon 100 lane, men devastasyon yo ke Ouragan Sandy ak Irene te fè, sa demontre nesosite pou ogmante pwoteksyon yo pou reziste a yon inondasyon 500 lane. Yo pral enstale nouvo baryè nan tinèl yo ki pou bloke inondasyon dlo yo epi anpeche yo rantre gras a baryè ki pa kite dlo yo pase, pou kapab pwoteje tinèl yo ap enstalasyon li yo. An plis, tinèl yo pral gen kapasite ponpaj sibmèsib ki ogmante pou pwoteje kont inondasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon, klike [isit la](#).

## **Mezi Sismik Yo**

Pon MTA yo – tankou anpil pon nan rejyon Metwopolitèn lan – te konstwi depi anviwon san (100) lane de sa. Plan an gen ladan modènizasyon sismik konpreyansif pou rann pon MTA yo pi fleksib nan ka yon tranbleman tè. Yo pral ranplase tout sipò pon ki genyen yo pa “sipò izolasyon sismik yo” ki pèmèt wotasyon fèt, sa ki redwi transfè fòs sismik yo epi redwi domaj yo. Pon yo pral genyen ranfòsman ki ajoute nan pout ak pilye pon yo pou bay pi gwo rezistans kont fòs sismik yo. Yo pral enstale pyès amati an beton otou pòsyon pout pon yo ki anba dlo pou kapab bay pwoteksyon alontèm odela evènman sismik yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, klike [isit la](#).

## **Konstwi Nouvo New York lan – Èv Atistik Piblik**

Sou Gouvènè Cuomo, New York ak retounen kapte lespri astisye ki fè li se Empire State an premye lye. Nan pase, New York te konstwi pwojè ki te non sèlman pratik, men tou yo te travay èv atistik piblik, tankou Capitol Eta New York (New York State Capitol), Tèminal Gran Santral lan (Grand Central Terminal), Estasyon Penn orijinal lan ak Central Mall Mosaics ki nan Jones Beach lan. MTA te fè jefò pou kapab enkòpore èv atistik yo anba tè, men plan sa retounen pote èv atistik piblik yo sou tè a.

Pwojè Kwazman Wout New York yo pral rekonfigire baraj gichè sant komèsyal yo pou vin tounen pòt prensipal transpò modèn. Mi sant komèsyal yo pral transfòme an vwal ki pwoteje pèsònèl sekirite ak ekipman yo, pandan l’ap sèvi kòm yon tablo mesaj LED. Veyikil ki entèsepte yo pral estasyon dechè vwal lan epi pèsònèl sekirite yo pral gen pòtay siveyans nan liy vizyèl yo. Pandan ke rekonsepsyon sant komèsyal la pral varye, chak estrikti baraj gichè enpo otomatize ki sou pon ak tinèl ke MTA administre yo pral kouvri ak yon travay atistik dekoratif k’ap prezante yon efè “vag”. Vag lan pral konstwi apati fabrik may chèn metal ki bouje ak van an.

Yo pral adopte ekleraj LED sou tout pon ak tinèl MTA yo. Limyè LED yo itilize 40 a 80 pousan mwens kouran epi dire sis fwa pi long ke nenpòt lòt tip ekleraj otowout yo. An plis de koute mwens kòb epi dire pi long yon fason konsiderab, yo kapab pwograme limyè LED yo an koulè ak chema diferan.

Pwojè Kwazman Wout New York yo pral mennen nasyon an nan anglobe tout pon ak tinèl ke MTA administre yo nan Vil New York lan, plis Pon George Washington lan. “Vil Ki Pa Janm Dòmi an,” yon orè ekleraj soti lè solèy la pral kouche pou rive lè solèy la pral leve, pral ilimine kwazman wout sa yo ak espektak limyè miltikolò, ki espektakilè, pi pral visib sou dè kilomèt. Nan ilimine estrikti New York yo ki deja enpresyonan yo, sa pral transfòme yo an atraksyon touristik entènasyonal ak potansyèl pou pote plis revni touristik adisyonèl. Enstalasyon LED yo pwograme pou kòmanse an Janvyè.

**Andrea Stewart-Cousins, ki se Senatè Eta ak Lidè Demokratik Sena a, te deklare,** “Sa se yon antrepriz entèlijant ki pral non sèlman rann enfrastrikti transpò nou yo pi efikas men tou pi sekirize epi kreye plis travay. New York dwe rekonsewa epi rekonstwi pou 21yèm syèk lan pou kapab rivalize nan espas mache global lan. Mwen espere travay ansanm ak Gouvènè Cuomo an pandan ke pwojè transfòmatif sa ap vanse devan.”

**Senatè Joseph Robach, ki se Prezidan Komite Transpò Sena a (Senate Transportation Committee), te deklare,** “Pon ak tinèl New York yo itilize pa dè milyon moun chak ane, epi yo esansyèl pou reyisit ekonomik tout rejyon an. Gouvènè Cuomo te prezante yon plan pou repanse sistèm transpò nou an pou 21yèm syèk lan, epi li pral abouti a mwens trafik, ogmante kapasite, ak plis dirabilite pou reziste a dezast natirèl yo. Pwojè sa se yon pwojè ganyan-ganyan pou New York ak abitan li yo, epi mwen pa ka rete tann pou wè li ap vanse nan mwa k’ap vini yo.”

**David Gantt, ki se Manm Asanble, Prezidan Komite Transpò Asanble a (Assembly Transportation Committee), te deklare,** “Transpò ki efikas epi sekirize sa esansyèl pou lavi nan eta nou an, sepandan, pandan plizyè lane, pon ak tinèl nou yo pa’t reponn a ekzijans tan modèn New York lan. Nan konbine bèl konstwiksyon epi ki pa konsome anpil enèji yo ansanm ak sans komen inovasyon ak sekirite ki entansifye, plan Gouvènè Cuomo an reponn a epi depase nesosite vwayajè New York yo kounye a ak pou ane k’ap vini yo. Nou dwe aji kounye a pou asire dirabilite sistèm transpò nou an, epi Gouvènè Cuomo te prezante yon plan astisye pou nou jis fè sa.”

**Ruben Diaz Jr., ki se Prezidan Awondisman Bronx, te deklare,** “New York ap mennen nasyon an nan envestisman nan enfrastrikti yo paske Gouvènè Cuomo rekonèt koneksyon ki genyen ant enfrastrikti ki fò ak ekonomi ki fò. Ak nesosite ekonomi modèn yo nan lespri li, plan an te gen ladan solisyon inovatif pou pwoblèm jounalye yo ke vwayajè yo ap fè fas a yo, tankou baraj gichè enpo otomatik yo, pandan l’ap amelyore dirabilite ak efikasite pou yon New York ki pi fò, ki pi vèt.”

**Gary Labarbera, ki se Prezidan Konsèy Komès Konstwiksyon ak Batiman yo (Building and Construction Trades Council) nan Greater New York, te deklare,** “Pa gen pèsòn nan memwa resan nou ki te demontre yon angajman konsa anvè fanm ak gason ki travay di nan eta sa ke Gouvènè Andrew Cuomo. Pwopozisyon ke yo te devwale isit la jodi a ap defye nou pou nou konsidere fiti ke nou vle konstwi ansanm lan. Se yon fiti ki envesti nan pwojè ki pa konsome anpil enèji, ki a pri abòdab, ki konstwi ak fòs ak solidite ki nesese pou reziste a gwo itilizasyon ak gwo tanpèt yo ke yo destine pou eksperimante. Pon ak tinèl nou yo k’ap degrade yo se yon bagay ki lèd, Gouvènè

an te prezante yon plan, ki rive nan bon moman. Fanm ak gason k'ap travay New York yo rete pare pou fè li vin tounen yon reyalite.”

**George Miranda, ki se Prezidan Konsèy 16 Kolektif Chofè Kamyon yo (Teamsters Joint Council 16), te deklare,** “Envestisman nan enfrastrikti yo se yonn nan pi bon fason pou kreye travay epi lanse kwasans ekonomik lan, epi pa gen pèsòn ki konnen sa pi byen ke Gouvènè Cuomo. Plan sa pral non sèlman transfòme pon ak tinèl New York yo pou vin tounen sistèm transpò fiti an, men tou li pral kreye travay ki byen peye pou dè milye Nouyòkè. Fanm ak gason k'ap travay nan eta sa yo pare pou konstwi pou fiti an, epi nou remèsye Gouvènè an poutèt lidèchip li nan fè pwojè sa yo vin tounen reyalite.”

**Steve McInnis, ki se Prezidan Konsèy Distrik Bòs Chapant NYC yo (NYC Carpenters District Council), te deklare,** “Pandan ke anpil kote nan peyi nou an ap lite pou rete ajou ak demann enfrastrikti modèn yo, Gouvènè Cuomo ap mennen devan. Plan transfòmatif sa pral non sèlman fòtifye pon ak tinèl nou yo ki transpòte dè milyon Nouyòkè chak jou, men tou li pral entansifye sekirite yo an. Gouvènè an konnen ke envesti nan enfrastrikti yo sa vle di kreyasyon travay ak ranfòsman ekonomi nou an – depi premye jou an li te kanpe bò kote fanm ak gason eta nou an yo, epi renesans sa se pyès fondamantal angajman sa.”

**James Mahoney, ki se Prezidan Konsèy Distrik Ouvriye Metalik NYS yo (NYS Ironworkers District Council), te deklare,** “New York ap mennen nasyon an nan envestisman nan enfrastrikti yo paske Gouvènè Cuomo rekonèt koneksyon ki genyen ant enfrastrikti ki fò ak ekonomi ki fò. Ak nesosite ekonomi modèn yo nan lespri li, plan an te gen ladan solisyon inovatif pou pwoblèm jounalye yo ke vwayajè yo ap fè fas a yo, tankou baraj gichè enpo otomatik yo, pandan l'ap amelyore dirabilite ak efikasite pou yon New York ki pi fò, ki pi vèt.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418